

Prepare pou admisyon nan lekòl presegondè!

Chè fanmi,

W ap aplike nan lekòl presegondè ivè sa a? Peryòd aplikasyon an poko kòmanse, men ou ka kòmanse prepare kounye a pou aplike pita.

Sa w ka fè kounye a

- **Gade opsyon lekòl presegondè.**
 - **Itilize [Anyè lekòl presegondè MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)** a pou jwenn enfòmasyon detaye sou lekòl ki enterese w; ou ka chèche lekòl dapre sa yo ofri, adrès yo, espò, aksè ladan yo, ak plis ankò. Kèk konsèy:
 - Pifò pwogram lekòl presegondè yo gen kondisyon espesifik sou ki moun ki ka aplike pou yo. Pita nan sezon otòn sa a, lè ou resevwa lèt byenveni ou epi konekte nan MySchools, ou pral kapab wè tout pwogram ou elijib pou aplike ladan yo nan yon rechèch pèsonalize. Pou kounye a, ou ka tcheke Kondisyon pou Elijiblite yon pwogram pou konnen si pitit ou a ka aplike pou li.
 - Chèche nan ki distri lekòl w ap viv la pou admisyon nan lekòl presegondè epi si w gen nenpòt lekòl ki pou sektè zòn ou an (zoned school) nan [schoolsearch.schools.nyc](https://www.schoolsearch.schools.nyc.gov). Pitit ou a ap gen priyorite pou li ale nan lekòl presegondè ki pou sektè zòn li a.
 - **Fè yon lis lekòl ki enterese w epi ki satisfè bezwen pitit ou a.**
 - **Ale sou sitwèb lekòl sa yo pou jwenn plis enfòmasyon.** Chak paj anyè MySchools genyen yon lyen ki mennen nan pwòp sitwèb ak enfòmasyon kontak lekòl la. Ou ka kontakte lekòl yo dirèkteman pou w poze kesyon.
 - **Patisipe nan yon jounen pòt ouvèt (open houses) vityèl oswa anpèsòn.** Paj anyè anpil lekòl bay tou lyen ak enfòmasyon dirèk pou fanmi ki ka petèt ale nan lekòl la, tankou enfòmasyon sou jounen pòt-ouvèt oswa vizit vityèl. Vizite yon lekòl yon fason vityèl oswa anpèsòn se yon bon fason pou imajine kòman li ta ka ye pou ale la. Lè w ap patisipe nan sesyon yo, nou rekòmande pou w gen yon lis kesyon pou w poze estaf lekòl la.
- **Chèche konnen konseye lekòl pitit ou a ye kounye a.** Se yo k ap pi bon gid ou atravè admisyon nan lekòl presegondè ane sa a.
- **Jwenn plis enfòmasyon sou admisyon nan lekòl presegondè.** Pran yon kopi Gid Admisyon 2022 Lekòl Leta Vil Nouyòk la nan lekòl ou ye a oswa download yon kopi ou ka jwenn nan lang ou sou schools.nyc.gov/Middle. Sitwèb nou an se kote tou ou ka jwenn tout dènye enfòmasyon yo epi gade lis videyo admisyon nou yo.

Kisa k ap fèt apre

Pita nan sezon otòn sa a, fanmi lekòl leta klas 5yèm ane pral resevwa yon lèt byenveni pèsonalize pa lapòs. Lèt sa a pral genyen yon kòd inik pou kreye yon kont MySchools oswa

ajoute pitit ou a nan yon kont ki egziste deja. Lè lèt yo disponib, tout aplikan (ladan elèv ki nan lekòl prive ak pawasyal kounye a) pral kapab mande yon kopi nan lekòl pitit ou a ye kounye a oswa nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center\)](#).

Nou ap fè w konnen lè lèt yo nan wout!

Bon siksè,
Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w ta renmen retire non w sou lis pou pa resevwa lòt mesaj sou admisyon nan lekòl presegondè, tanpri klike [la](#).